



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PIBLIKASYON DIREKTIV POU SIPÒTE DEVLÒPMAN PLAN PREVANSYON TEWORIS LOKAL KONTE YO

Aprè atak Buffalo a, Gouvènè Hochul te pibliye [Dekrè Egzekitif Nimewo 18](#) ki egzije chak Konte ak Vil New York pou yo elabore plan pou konfwonte teworis lokal, ki gen ladan vyolans ki gen motivasyon rasyal ak etnik

Somè a konsantre sou devlopman ekip evalyasyon ak jesyon menas lokal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon nouvo direktiv pou konte yo nan New York pou sipòte devlopman Plan Prevansyon Teworis Lokal kote chak konte ak Vil New York responsab pou elabore dapre Dekrè Egzekitif Nimewo 18 la. Gouvènè a te diskite sou enpòtans pou elabore Plan Prevansyon Teworis Lokal pandan diskou vityèl yo jodi a nan kad yon Somè Evalyasyon ak Jesyon Menas (Threat Assessment and Management, TAM) ke Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a ak Biwo Batay Kont Teworis li te òganize nan Sant Preparasyon pou Ijans Eta a nan Oriskany.

"Aprè atak teworis terib lokal ki te fèt nan Buffalo, vil mwen an, mwen te pran angajman ak Nouyòkè yo ke nou pral konfwonte fleyo teworis lokal la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap bay gouvènman lokal yo zouti yo bezwen pou yo abòde menas teworis lokal la ak vyolans sible yo pou nou ka anpeche trajedi yo anvan menm yo rive. Mwen p ap janm sispann batay pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

DHSES ap ankouraje lokalite yo pou yo devlope Ekip Evalyasyon ak Jesyon Menas (TAM) nan kad Plan Prevansyon Teworis Lokal yo. Pou ede kreye ak jere ekip evalyasyon ak jesyon menas yo, gen 10 milyon dola ki pral disponib pou konte yo. Ekip sa yo ap gen ladan fòs lòd, pwofesyonèl sante mantal, responsab nan lekòl yo, ak lòt pati ki konsène ki gen chaj pou idantifye, evalye, epi diminye risk menas vyolans sible a.

Gouvènè Hochul te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 18 la kòm repons dirèk ak zak teworis sipremasi blan nan yon makèt Buffalo nan mwa me a. Dekrè Egzekitif la fèt pou konbat ogmantasyon boulvèsan teworis lokal ak ekstremis vyolan ki souvan enspire, planifye ak afiche sou platfòm rezo sosyal yo ak sou fowòm entènèt yo.

An pati, Dekrè egzekitif la mande:

1. DHSES pou li etabli yon nouvo inite nan Biwo Batay Kont Teworis (Office of Counter Terrorism) li a ki dedye sèlman pou prevansyon kont teworis lokal.
2. Chak konte ak Vil New York pou elabore epi kenbe yon plan pou konfwonte menas teworis lokal ki genyen ladan yo ekstremis vyolan ki gen motivasyon rasyal oswa etnik.
3. Lapolis Eta New York la tou pou yo etabli yon inite espesyal nan Sant Entèlijans Eta New York (New York State Intelligence Center, NYSIC) la pou retrase ekstremis vyolan lokal ak ogmante siveyans rezo sosyal pou pis investigasyon ki ka soti nan pwomosyon ekstremis vyolan sou entènèt.

Pandan somè de jou a, ekspè nan batay kont teworis eta a yo ap revize direktiv ki fèk pibliye sou plan Prevansyon Teworis Lokal yo ak opòtinite finansman sibvansyon eta a, nan nivo eta ak federal, pou fè avanse planifikasyon sou teworis lokal ak efò kreyasyon ekip TAM lan. Yon konsiltan ki gen ekspètiz nan evalyasyon menas pral bay fòmasyon tou sou devlopman ekip TAM lan.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Teworis lokal ki gen sipremasi blan ak fanatis ki alimante li se premye menas teworis nou fè fas aktyèlman. Ekip nou an nan Biwo Batay Kont Teworis la ap travay tout lajounen ak lannuit pou asire konte yo nan New York gen tout sa yo bezwen pou yo reponn ak defi ki devan nou. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, n ap travay ansanm ak patnè ou yo pou fè New York yon kote ki pi an sekirite pou tout moun".

Dènye ogmantasyon nan atak teworis lokal la reprezante youn nan menas ki pi ijan pou sekirite piblik atravè Etazini. Nan dènye deseni an, atak ak konplo teworis lokal yo te triple nan nivo nasyonal. An 2021, te gen 73 atak teworis ak konplo yo dekouvri nan Etazini, ki gen ladan 38 atak teworis ak konplo sipremasis blan epi ki pataje menm ide.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [Twitter](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sit entènèt](#) nou an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418